Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№-7
(9752)

2016 соналъул
5 февраль

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

# ТАРБИЯ КЬЕЯЛЪУЛ КIВАР БУГЕБ РАХЪ

Щивав чиясда батIи-батIияб хIалалъ ва батIи – батIияб къагIидаялда бичIчIуна жидерго берцинлъи. Гьанжесеб гIун бачIунеб гIелалъе берцинлъи буго ратIлилъ, гьурмалъ, чорхол хIурматиял бакIал кьватIир лъеялъулъ ва бокьарал нухаздалъун чантиниб гIарац цIикIкIинабиялъулъ, хIатта гIадамазда рашунареб хьвада-чIвадиялъулъгицин…

ГIурус халкъалъул цIар рагIарав поэт А.П.Чеховасул руго инсанасул берцинлъиялъул хIакъалъулъ гIакъилал рагIаби. «Инсанасулъ кинабго букIине ккола берцинаб: гьумерги, ретIел-хьитги, ракIги, пикрабиги ва хьвада-чIвадиги»,-ян абулеб буго поэтас.

Гьаб заманалда берцинаб ретIел- хьиталъулги, гьумер-черх берцин гьабиялъулги рахъалъ кьварилъаби дандчIвалел гьечIо. Гьениб квербакъи гьабулеб буго медицинаялъул бизнесменаз…

Амма инсанасул берцинлъиялъул цогидал кIвар бугел бутIаби жакъа А.П. Чеховасул тIалабалде гуребги, хIатта, нилъерго мунагьал чураял умумузул тIадегIанал хасиятаздеги ва ркIарал тIалабаздегицин данде кколел гьечIо. ГIемерисезул киналха гьел кколел? Аслияб къагIидаялда гьел руго берцинаб хьвада-чIвади, рекIел ва пикрабазул рацIцIалъи, гьибат-бугьтаналдасагун Аллагьасулги гIадамазулги тушман мацIихъанлъиялдасан цIунун рукIин, цогидазе сундулъ бугониги зарал ккеялдасан рохичIого пашманлъи ва гьезие кумек гьабизе хIадурал рукIин.

Гьел берцинлъаби руго инсанасулъ эбел-инсуца ва школалъ куцалел тIадегIанал ва нравственниял хасиятал. Гьезда щибаб къоялда рихьизе ккола гIун рачIунел гIелазулъ гIоларел рахъалги гьел рехун теялъе ва цIияй рухIиялгун нравственниял хасиятал рижинариялъегун, куцаялъе ругел нухалги.

Инсан бищунго берцин гьавулеб хазиналъун ккола рухIиябгун нравственнияб бечелъи. Кинха гьеб бечелъиялде гIун бачIунеб гIел бачинеб, кинха гьезулъ гьеб бижинабилеб? Кинха гьеб цIунилеб жидеlъ гьеб бугезулъ?

Гьел захIматал гьездаго цадахъ бигьаялги суалазе жавабал кьезе кIвеладаян хIалбихьилин. Гьезул тIоцебесеблъун ккола гьитIинго гьарун моцIалдасаго лъималазе рухIиябгун нравственнияб ва физическияб тарбия кьеялде кIвар кьей. Эбел-инсуца, ясли-ахазул, школазул коллективаз. Гьединаб тарбия кьолаго эбел-инсудаса байбихьун ясли-ахазул хIалтIухъабазги школалъул учительзабазги лъималазе, цIалдохъабазе, гьединаб тарбия кьеялъулаб хIалтIи гьабулаго тIоцебесеб иргаялда рухIиябгун нравственнияб хьвада-чIвадиялъулъ бихьизабизе ккола жидерго мисал. Азарго нухалъ насихIат гьабиялдаса цо нухалъ мисал бихьизабиялъ хIасил цIикIкIун кьолилан буго гIакъилаб аби. ГIун бачIунеб гIелалъулъ берцинал хасиятал рижизарулаго гьезда сурун рихьизаризе ккола инсан суризарулел пишаби.

Киналха кколел инсанасул берцинлъи суризарулел ва къадру-кьимат гIодобе ккезабулел пишаби. Гьел ккола бокьаралъуб цIогь гьаби, мацIихъанлъи, гьекъел-мехтел, гьибат-бугьтаналда рукIин, кIигьумерчилъи, гьереси бици, чIухIдари, чIахIиязул, хасго эбел-инсул адаб рехи, гIиссиназул тIалаб-агьаз гьечIолъи, гьурщие гIоло керен унтун рукIун бокьараб хIалихьалъиялде ин гIадал пишаби. Гьеле, гьединал пишабаздасан напс цIуни, гьел хьвадизарулезда тIад рекъонгутIи ккола инсанасул берцинлъиялъул бетIераб рахълъун.

Амма гьеб рахъ нилъер гIолилазулъ къоялдаса-къоялде загIип гьабиялде балагьизабун буго западалъ жиндирго идеологиялъул аслияб бегIерлъи. Гьелъие кIвар бахъулел цо-цо нахъегIанал яхI-намус бичарал гIадамал камулел гьечIо улкаялда жанирги. Гьезул цо-цоял намус гьечIого цере рахъунел руго улкаялъул телевидениялдасагун печаталдасан. Гьединаз ва нилъер гIумруялдегун тIабигIиял хасиятазде данде кколарел телевизионниял фильмабазгун передачабаз квешаб асар гьабулеб буго нилъерго умумузул тIадегIанал хасиятазул рухIалда гIун бачIунеб гIел куцаялъе, гьелда берцин бихьизабулеб буго западалъул нилъее чиярабльун кколеб хьвада-чIвади. Гьеб къабул гьабулел нилъер гIолилазул цо-цояз бичIчIулеб гьечIо жалгоги жидерго гIумруги гьелъ суризарулел рукIин. Гьединго цо-цо гIолилазда бичIчIунеб гьечIо танхьицаги ва гьелда рельъарал цогидал бетIер свеоизабулел пиво, гIаракъи гIадал гьекъолел жалазги жидер гьурмалги пикрабиги багьун свакараб гьоялъулазда рельъараллъун гьарулеллъиги…

Инсан захIматалъ берцин гьавулаан абулел гIакъилал рагIабиги руго нилъер умумузул. Амма щаяли лъаларо гьанжесел гIелазул гIемерисезе захIмат бокьулеб гьечIо. Ах-хуралдагун боцIухъанлъиялда хIалтIи, гьелдалъун магIишат гьаби гьезул цо-цояз рикIкIунеб буго ничаб жолъун. Гьеб буго кутакалдасан мекъаб пикру. ЗахIмат буго кинабгоялъул бетIер. ЗахIматги ВатIанги бокьулев ва гьеб цIунизеги ва гьелъулгун жиндирго рукъалъул экономика борхизабиялъе бихьулев захIматалдасанги ва кинабгоялъе квербакъулеб лъай босизе гIоло цIалиялдасанги хIинкъуларев гIолиласдасан берцинав чи вукIине рес гьечIо. Гьеб берцинлъи жеги гвангъизеги чIурканги гьабула гьезул чорхолъ бугеб рекIел бацIцIалъиялъгун адаб-хIурматалъулалгун яхI-намусалъулал хасиятаз…

Гьеле, гьединаблъун гIун бачIунеб гIел кудай ккола бищунго цебе эбел-инсулги, хадуб школалъулги, чIахIияб гIелалъулги тIадаб ва хIурматияб ишлъун. Гьелъие квербакъи гьабунани лъикI букIинаан росабазул мажгитазгун ва культучреждениязгун, узухъда, росабазул бутIрузги.

Жакъа гьеб суалалъул кIвар гIорхъоде щун буго. Гьеб лъугьун буго тарбия кьеялъул бищунго жаваб цIикIкIараб рахълъун.

***Ш.ЛАБАЗАНОВ.***

# ИНВИТРО НИЛЪЕР РАЙОНАЛДА



Микрорайоналда бугеб Болъихъ №2 школалда аскIоб рагьун буго «Ваш доктор» абураб филиал.

Гьеб филиал рагьана медицинаялъул гIелмабазул кандидат врач-гинеколог Зоя Исаева.

Гьединаб пикруялде гьей ячун йигоан, росабалъан МахIачхъалаялде анализал кьезе хьвадулел, магIарухъан рачIунел унтараздехун бугеб гурхIелалъ. Гьелъ жиндирго пикру загьир гьабуна Министерсвоялда цебе ва гьениб кIудияб разилъигун къабулги гьабуна.

Гьединан, араб соналъул октябрь моцIалдаса нахъе анализазе гIоло мугIрул тун авлахъалде унел магIарулазе рес щвана хIалхьиялда, Болъихъго жидерго мурад тIубазе. Гьеб лабораториялда цере чIарал масъалабазул бицен гьабизе, ишалъулаб сапаргун ниж гьенире щведал, нижер суалазе жавабал кьуна филиалалъул медсестра Эльмира Сулеймановалъ.

***-Эльмира, бокьилаан лъазе нужер филиалалдаса халкъалъе бугеб пайда?***

Нижер лабораториялда росула бокьарал анализал: биохимия, микробиология, онкомаркеты, инфекции, гормоны, иммунология, аллергены, цитология, истология, генетика ва гь.ц. ва жиб-жибалъул чIараб багьаги буго.

***-ГIарцудалъун тIубалеб гьеб хъулухъалдасан, гIадамазе ккараб хайир щибха?***

Цо лъунани багьаби шагьаралъулалда данде ккун гIемерго гIодорегIанал руго, кIиабизе сапаралда холеб гIарацги, чIвалеб заманги жидеего хутIулеб буго.

***ЦохIо Болъихъ районалдасаниц нужеца гIадамал къабул гьарулел?***

Гуро, лъабго районалдаса Болъихъ, ЦIумада ва ГIахьвахъ.

***РукIунищ рачIунел гIадамал?***

Узухъда рукIуна, къойида жанив щуго анлъго чи камуларо. Нижеца гьел къабул гьарула 11-ялда башадаб хIалтIизегIан базар къоялъ хутIун.

***Нужеца анализал кире ритIулел ва кида жаваб щолеб?***

Нижеца гьел ритIула Москвалде. КIиго къойида жаниб нижехъе компьютералде бачIуна жаваб ва дица хIасил бетIергьабазул номералде битIула.

***ГIицIго анализал роси гурони батIияб хъулухъ гьабулищ нужер гьаниб?***

Гьабула. ЛъагIалида жаниб 2-3 нухалъ жийго Зоя Увайсовна ячIуна Болъихъе ва гьелъ къабулги гьарула бокьараб ригьалъул руччаби. Мухьги босуларо.

***Районалъул руччабазда кин лъазе рес бугеб гьей ячIунеб замана?***

Врачалъухъе ине бокьарал руччаби консультациялъе рачIуна дихъе. Дица гьезул цIарал ва номерал росула. Врач ячIигун гьезулгун бухьенги гьабула.

Гьединго бокьарав чиясул рес буго жидерго суалалгун гьал номеразде ахIизе:

89886503134
89285650804



***Эльмира, баркала пайдаяб гара-чIвариялъухъ.***

***З.МухIамадова.***

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

В активном зале Ботлихской районной администрации I0 февраля 20I6 года в I0 часов 00 минут, состоится семинар совещание для Индивидуальных предпринимателей и главных бухгалтеров, предприятий, учреждений и организаций.

На следующую тему.

Изменения и дополнения в налоговом законодательстве на 20I6 год, по всем видам налогов уплачиваемые индивидуальными предпринимателями, юридическими и физическими лицами.

# БАРКАЛА ХIАДИШАЛАП!



Ниж ккола Болъихъ районалъул ГIашино росулъа ШагIбановазул хъизан.

Бокьун буго кIудияб баркала загьир гьабизе Буйнакск шагьаралъул вневедомственнияб охранаялъул отделалъул комитеталъул кIудияв сержант ХIадишалап ХIусеновасе нижер вас ГIумар хвалдаса хвасар гьавиялъухъ. Гьев нижер вас ГIумар ккола эпилепсия унти бугев, гьитIинаб къоялдасаго инвалид. Гьанже гьев цIалулев вуго 6 абилеб классалда. Каникулазул заманаялъ гьев вукIана жиндирго кIудияй эбелалъухъ. КIиабилеб январалъ гьев квеш лъугьуна, бачIуна эпилепсиялъул приступ. Кумек тIалаб гьабун ахIи бан гьесул кIудияй эбел екерула къватIие ва, нижерги нижер васасулги талихI батилаха, тIоцеве тIаде щола ХIадишалап. Жиндаго лъараб хIалалъ гьес нижер васасе кумек гьабула, гьесул чIужу ПатIиматица ахIун буго хехаб кумекалъул тохтурзабазухъе (Скорая помощь). ТIаде щварал тохтурзабаз абуна ХIадишалапица медициналъул тIалабазда рекъон ва жиндир заманалъ гьабураб кумекалъ нижер вас хвалдаса хвасар гьавун вугилан абун.

Гьал къояз ХIусеновазул хъизаналъ ниж тIадеги рохизаруна больницаялде гьев нижер васасухъе раккизе рачIунги. Нижер хъизаналъе бокьун буго ХIадишалап хIалтIулеб бакIалда гьес гьабураб гьунаралъе мустахIикъаб къимат кьезе. ХIакъикъаталдаги, виххичIого, хIинкъичIого нижер васасе гьес гьабураб кумек нижеца рикIкIуна кIудияб гьунарлъун.

«БакIалъ гуро инсан берцин гьавулев, инсанас бакI берцин гьабула» абураб аби буго. Нижер хъизан ХIадишалапидаса чIухIарабго гIадин, чIухIизе бегьула гьединав чи гьоркьов вугеб коллективги.

РакI-ракIалъулаб баркала ХIадишалапие нижер хъизаналъул рахъалдаса, хасго, кIудияй эбел ШагIбанова Хадижатил рахъалдаса.

Аллагьас къварилъи-балагьаздаса цIунараллъун ратаги гьевги гьесул хъизан-агьлуги.

***КIудияб адаб-хIурматгун ШагIбановазул хъизан.***

# ЦАДАХЪ ХIАЛТIИЗЕ ХIАДУРАБ БУГО ЖАМГIИЯБ ГIУЦIИГИ

Дагъаб цебе тIобитIараб гражданазулаб общество цебетIезабиялъулаб «Балъхъал» абураб общественнияб гIуцIиялъул собраниялда гьоркьор лъун рукIана росдал Собраниялъул депутатал рищиялъул хIасилал ва цIи рищарал депутатазда барки ва цадахъал мурадал.

Амма, загьирал гьечIел гIиллабаздалъун цIикIкIарасел депутатал гьенире рачIинчIо.

Гьединлъидал «Балъхъал» общественнияб гIуцIиялъул собраниялда киналго разилъун хIукму гьабуна рищиязул ходусеб заманалда депутаталгун цадахъ лъугьун «Балъхъал» общественнияб гIуцIиялъ кIвар кьезе кколел росдал гIумруялъул кIвар бугел суалал гьезие «Гьудуллъи» газета гьоркьоб ккун баян гьаризе. Божарав вуго гьеб киналго росабазеги пайдаяб букIиналда.

-ХIурматиял депутатал!

«Балъхъал» общественнияб гIуцIиялъул цIаралдасан нужеда баркула нилъер росдал избирателаз нужеде гьабураб кIудияб божилъи! Гьарула нужее сахлъи ва росдал территориялда гIумру гьабулел ругелщинал гIадамазул-гIиссиназулги чIахIиязулги интересал, гьезул рукIа-рахъиналъулал мурадал ритIараб къагIидаялда цIуни гIадаб хIурматияб ишалъулъ бергьенлъаби ва намус цIуни.

Нужеда гьоркьор руго цереги депутаталлъун рукIаралги ва районалъул Собраниялде росдал вакилзабилъун рукIаралги. Гьезул хIалбихьиялъ кIудияб квербакъи гьабуна росдал Собраниялъул хIалтIул хIаракатчилъиялъе.

Амма, хIалбихьиялъ бихьизабулеб буго росдал властиалъулал органалгун цадахъ лъугьун росдал общественностиалъулги ва росдал тIолалго гражданазулги хIаракатчилъи хIажалъулел суалал гIемерал рукIунеблъи.

Нужеда лъала, гIицIго гьеб мурадалда гIуцIун букIин «Балъхъал» МОО. Нужеда гьоркьоса чангоял рукIана гьеб гIуцIиялъул бетIерал хIаракатчагIилъунги.

Цо-цоясда лъалеб батичIони, яги кIочон батани, ракIалде щвезабизин. Гьеб организация гIуцIана Болъихъ сельскияб поселениялъул властиалъулал органазда гьоркьоб кутакаб дандеккунгутIи букIараб ва гьелъ росдал гIадамазул гIумруялъул кIвар бугел суалал тIуразариялъе чIахIиял квал-квалал гьарулел рукIараб заманалда.

Гьеб общественнияб гIуцIиялъул хIалтIул хIалбихьиялъ бицунеб буго росдал территориялда законалъул тIалабал хвезариялъул кIвар бугел хIужабазе правовияб къимат кьей щолеб гьечIолъиялъул. Гьезда гьоркьор цIикIкIун руго ихтиярго гьечIого ракьазул участкаби ккве ва минаби рай гIадал хIужаби. Болъихъ росулъ гьеб суал гIорхъолъан борчIараб хIалалда буго. Жакъа къоялда нус-нус руго ихтиярго гьечIого рарал минабиги ва ккурал ракьазул участкабиги.

Иш щун буго, росдал администрациялъул вакиласулгун къотIи-къай гьабуралдаса нахъе бокьарав чи ракьул участкабазул бетIергьанчилъунги ва минабигун производственниял объектал разе ихтияр бугев чилъун вахъунев вукIиналде. Масала, гIицIго «Хъачикьа» абураб бакIалда ихтиярго гьечIого ккун буго анцIила хадуб участка.

Гьеб кIвар бугеб суалалъул рахъалъ цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIизе росдал цебесеб администрациялъулгун данде ккечIо. Гьеб суал букIана администрациялъул бетIерас заместителасухъе, гьес цогидазухъе рехун.

ХIурматиял депутатал, нужер ихтиярлада гIемерал ресал руго росдал ракьул ва бакIал раялъул суал. Законалъул тIалабазда рекъон тIубазабиялъеги, росдал боцIи гIалахалде бахъинабиялъеги ва росдал ахалгун хурзал лъалъаялъе гIураб лъим букIинабиялъеги.

Росдал администрациялъул цIияв бетIерлъун вищана гьелъие мустахIикъав, жиндир лъайги махщелги бугев чи-Камалудин МухIамаев.

«Балъхъал» МОО-ялъул кIудияб божилъи буго росдал депутатаздаги ва администрациялъул бетIерасдаги, нуж цадахъ рекъон ва ритIухълъи цIикIкIун хIалтIизе рукIиналдаги ва росулъ гражданазулаб общество цебетIеялъе квербакъи гьабизе букIиналдаги. Гьелъулъ хасаб бутIа лъезе хIадураб буго нилъ киназего гIагараб «Балъхъал» МООги.

***М. ХIАСАНОВ,***
***«Балъхъал» МОО-ялъул председатель.***



# МагIарулай

МугIрул чIужугIадан дур сабруялъе санаца бачуна жиндирго макъан



## 1 февраль-хIиджабалъул къо!



*1 февраль дунялалдаго рагIинабун бугоан хIиджабалъул къолъун. Гьеб къо рагIинабиялъе къучI лъурайлъун ккола Нью-Йоркалда гIумру гьабун йигей Назма Хан.*

*Буссурбанал руччабазе рухIияб рахъкквейлъун букIине, гьеб къоялъ хIиджаб ретIун къватIире рахъун руго 116 пачалихъалдаса 10 миллионалде гIагарун буссурбанал ва кафурал руччаби. Гьеб ккола хIиджабалде данде балеб рагъуе бугеб жаваб. Гьединан цо къоялъ хIиджабалъулъ ругел руччабазул гIумруялъулъе лъугьунел руго батIи-батIиял диназул, пикрабазул ва хьвада-чIвадиязул руччаби.*

*Ругила гьелдаса хадуб хIиджаб тIаса бахъичIелги, хIатта, ислам къабул гьабуралгицин, абун хъвалеб бугоан Назмаца.*

*Киназ пикру бугеб ХIиджабалъул къо рагIинабиялда хурхунилан гьикъидал, гIолилазул пикраби рикьана. Цояз рикIкIунеб буго гьеб лъикIаб ишлъун, цогидаз абулеб буго хIиджаб цо къоялъ гуреб къойилго ретIине кколин, лъабабилезул «Нахал» сверулел руго. Дирго пикруялдайин абуни, цо жо бокьизе ккани, гьеб лъазе ккола. Лъаялде бугеб нух киданиги мекъабги букIинилан кколаро. Гъоркьехун бахъулеб буго «ХIакъикъат бичIчIиялъулъ» абураб хабар.*

## ХIАКЪИКЪАТ БИЧIЧIИЯЛЪУЛЪ

Иргадулаб хасалил сессиялда дандчIвана гьудулзабилъун лъугьарал кIиго батIияб миллаталъул ясал Хадиги Хадижатги. Хадижат гьитIинаб къоялдасаго йикIана исламияб диналда куцарай ва ретIа-къарай яс. Хадиейин абуни дунялалъул берцинлъи хирияб букIана. Хасго рокьулаан берцинал прическаби. Гьединан, щибаб къоялъ дарсазде гьей хьвадулаан берталъе кинигин цIиял прическабигун.

Дарсил заман байбихьиялъухъ ялагьун чIун йигей Хадижатил берал рукIана нуцIида лъун Хади ячIиналъухъ халги ккун. Къирана нуцIа. Яккана Хади. Амма Хадижатида божизе кIолеб букIинчIо жиндир беразда цее Хади йикIиналда. Исламияб къагIидаялда ретIа-къарай Хадица салам кьедал, магIил гарал гирана Хадижатил бадиса. Хадувго гъун мугIалим жаниве вачIиналъ хабарги къотIизе тун, цIалиялде руссана гьел. Амма Хадижатил пикраби тIуранго Хадиде руссана. ГIемерал суалал раккана гьелъул Кин? Кида? абун.

ЦIалиялдаса тIуранго эркенлъидал, кIияйго гьудул аскIого бугеб кафеялде къокъана. Гьенир кIусигун гIорлъун чвахана Хадижатил суалал.

***Вай Хади, кидаго къацандулаан мун дунгун, хIиджаб дица ретIуларо, гьелда бараб щибго гьечIо, аслияб жо ракI лъикIаб букIин буго, абун. Дуе лъугьараб щиб?***



АлхIамдулиЛлагь. Иманалъул нуралъул канлъи киналниги пикрабаздаса роцIараб букIун буго. Узухъда, рекIелъе гьеб лъугьани загьирлъичIогоги кинан хутIилеб. Дица цо пуланав чиясда абуна. Дица мацIги гьабуларо,жоги бикъуларо, рокьудаги йикIунаро. Дица лъиениги заралги гьабуларо. КIаз чIвачIониги дир ракI бацIцIадаб бугин. Гьев чияс дие кьураб жавабалъ дир рекIее гьабураб асар рагIабаздалъун загьир гьабизе кIвеларо.

***-Щибиланха гьес дуда абураб?***

Кутакалдасан лъикI буго, дир диналъул яц, гьеб мунагьазул гьир дуда тIад батичIони. Аллагьас хадубги гьелдаса цIунайги ва амма щай дуца мунагьлъун рикIкIунареб Аллагьасул амруялъе мукIурлъунгутIи.

-Дица гьел рагIаби рекIелъ хIунсаниги, дирго пикру ритIухъ гьабулаго абуна.

-Гьеб мунагь, ракI бацIцIадаб бугелдаса нахъе, гьедигIан кIудияб гьечIо гурищ абун. Гьурмада гьимигун ва ургъалил асаргун гьес дие жаваб гьабуна. Дир диналъул яц, мун балагьуге мунагьалъул гьитIинлъиялъухъ яги кIодолъиялъухъ, мун ялагье Лъиде мун гIассилъулей йигеяли, лъил амру тIубачIого толеб бугебали.

КIаз балелги цIакъал гьечIин абун мукIурлъичIо дун.

ГIадамил инсан чорхолъ бугеб рухIалдасан ватIалъизегIан, гьев къосинавизе гьедараб буго илбис. Гьеб кIазалдасан хIинкъунги нахъе къаларо. ТIогьоде тIаде унеб най кинигин вукIине ккола бусурбанчиги, исламалде тIаде вуссун, гьелъул тIагIамги, берцинлъиги, ритIухълъиги цIцIулев. ТIад къараб тIубазе гIамал гьабе, тIубазе кIвечIелда тавбу гьабе, чидар мунагь цIехоге. ЛъикIаб- мисаллъун гьабе, квешалдаса рикIкIад чIа.

***-Гьев чиясул рагIабазищха мун хIиджаб ретIине гьесарай?***

-Дида лъала, гьев багьана вуго. Дицаго абила ТIадегIанав Аллагьасул гурхIалил чIор речIун иман рещтIанин дир рекIелъеян. Цебеккун, согIаб жаваб кьуниги мекъал ишал гьаруниги ургъелго букIунароан дие. Дида кколаан дица мунагьго гьабичIин, дун цIакъай йигин абун. Дирго гIамалалъул лъикIаб рахъги хIиджаб къаразул мекъал рахъалги рорцун, дунго цIакъайлъун йихьулаан дида. Жакъайин абуни, дагьабниги рагIигицин дир рахъалъан согIлъани, лъачIого лъил бугониги ракI хвезабуни дир рекIел букIунеб хIал, дир бухIулеб ракI. АлхIамдулиЛлагь Аллагь иманалъул берцинлъи, гьинал рекIел тIеренлъи. КигIан данде рагъ бананиги гьаб нафс къезабизе бугеб захIмат. Дица киданиги бусурбанал вацал яцазда тIокIалъ гIайибги чIваларо, гьезул мунагьалъул халги гьабиларо. Дида бичIчIана муъминзабазул жидерго нафсгун бугеб къеркьеялъул захIмалъи. Аллагьас тавфикъги кьеги киналго диналъул яцазе битIараб битIараблъун бихьизе.

-Амин Хади, амин.

ГьитIинаб къоялдасаго динияб куциялда гIурай йигониги, диналъул бицунеб рагIаниги, Хадил кIалдиса бачIунеб хабаралъ сагьвил гьаюн йикIана Хадижат.

*Гъумер хIадур гьабуна З. МухIамадовалъ.*

## Колонка прокурора

### О запрете распространения в средствах массовой информации, а также информационно-телекоммуникационных сетях информации о несовершеннолетнем, пострадавшем в результате противоправных действий (бездействия)

В целях недопущения злоупотребления свободой распространения информации в СМИ и сети «Интернет» законодатель установил ограничения на распространение информации о несовершеннолетних, пострадавших в результате противоправных действий (бездействия), регулируемые Законом Российской Федерации от 27.I2.I99I № 2I24-I «О средствах массовой информации» и Федеральным законом от 29.I2.20I0 № 436-ФЗ «О защите детей от информации, причиняющей вред их здоровью и развитию».

В частности, согласно статьям 4, 4I закона Российской Федерации № 2I24-I запрещается распространять в средствах массовой информации, а также в информационно-телекоммуникационных сетях информацию о несовершеннолетнем, пострадавшем в результате противоправных действий (бездействия), включая фамилии, имена, отчества, фото- и видеоизображения такого несовершеннолетнего, его родителей и иных законных представителей, дату рождения такого несовершеннолетнего, аудиозапись его голоса, место его жительства или место временного пребывания, место его учебы или работы, иную информацию, позволяющую прямо или косвенно установить личность такого несовершеннолетнего.

Законодателем закреплено, что указанная информация не вправе разглашаться за исключением случаев, если распространение такой информации осуществляется в целях защиты прав и законных интересов несовершеннолетнего, пострадавшего в результате противоправных действий. В законе содержится перечень условий, при которых соответствующая информация может публиковаться: с согласия несовершеннолетнего, достигшего четырнадцатилетнего возраста, и его законного представителя; с согласия законного представителя несовершеннолетнего, не достигшего четырнадцатилетнего возраста; без согласия несовершеннолетнего, достигшего четырнадцатилетнего возраста, или законного представителя, если получить это согласие невозможно либо если законный представитель является подозреваемым или обвиняемым в совершении данных противоправных действия.

Распространение в СМИ и сети «Интернет» информации в части, относящейся к несовершеннолетнему потерпевшему от преступления против половой неприкосновенности и половой свободы личности, допускается в вышеуказанных случаях и только в целях расследования преступления, установления лиц, причастных к совершению преступления, розыска пропавших несовершеннолетних в объеме, необходимом для достижения указанных целей, и с соблюдением требований, установленных ст. ст. I6I, 24I Уголовно-процессуального кодекса Российской Федерации.

Кроме того, за нарушение установленного порядка распространения информации о несовершеннолетних, если такие действия не содержат уголовно наказуемого деяния, ч. 3 ст. I3.I5 КоАП РФ (незаконное распространение информации о несовершеннолетнем) предусмотрена административная ответственность физических (штраф до 5 тыс. рублей), должностных (штраф до пятидесяти тысяч рублей) и юридических лиц (штраф до одного миллиона рублей с конфискацией предмета административного правонарушения).

**Д.Джабраилов, прокурор района**

## ИНФОРМАЦИЯ

Федеральным законом от 29 декабря 20I5 года № 399-ФЗ внесены изменения в статью I7 Федерального закона от 24 ноября I995 года № I8I-ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации».

Так, в соответствии с внесенными изменениями **инвалиды I и II групп, дети-инвалиды, граждане, имеющие детей-инвалидов,** имеют право на предоставление компенсации расходов на уплату взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирном доме, но не более 50 процентов указанного взноса рассчитанного исходя из минимального размера взноса на капитальный ремонт на один квадратный метр общей площади жилого помещения в месяц, установленного нормативным правовым актом субъекта Российской Федерации, и размера регионального стандарта нормативной площади жилого помещения используемой для расчета субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг. При этом отмечаем, что указанная компенсация расходов на других членов семьи в том числе на остальных детей **граждан, имеющих детей-инвалидов, не распространяется.**

Более того, вышеуказанные категории граждан имеют право на предоставление компенсации расходов на уплату взноса на капитальный ремонт **независимо от принадлежности жилищного фонда.**

Таким образом, Министерство труда и социального развития Республики Дагестан (далее - Министерство) поручает по представлении вышеуказанными категориями граждан в управления социальной защиты населения по месту) жительства или пребывания документов (квитанций) подтверждающих фактически произведенные расходы на оплату взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирном доме, осуществлять с I января 20I6 года ежемесячную денежную выплату по оплате жилого помещения и коммунальных услуг с учетом оплаты взноса на капитальный ремонт в установленном порядке.

**Заместитель Министра З.А. Багомедов.**

## ТЕРАПИЯЛЪУЛ ЗАВЕДУЮЩИЙ ТЕМИРХАНОВ ХIАЖИДЕ

Цо магIарул росулъ, вас гьавун вуго
Росуго боххарав, хъизан чIухIарав.
Дин-ислам цIунарал эбел-инсуца,
Адаб-хъатиралда гIезе гьавурав.

Вас кIудияв гIуна, гIелму цIалана
ГIадан сах гьавулеб гьунар бищана.
Унтарал сахлъизе тIадчIун хIалтIулев,
Берцинаб каламгун хъахIаб халгIатгун.

Бищун дунялалда ракI гъураб мехалъ
Эбел-эмен камун бесдал хутIана.
Хирияй лъадиги гьитIинав васги,
Эменгун рукIана гьел лъабалгоги.

Гьедин къварилъиялъ къвал бананиги,
КъвакIун чIана ХIажи къо тIаде ккедал.
Хъизаналъул ургъел тIаде босаниги,
КIудияб хIалтIуца рухI кьуна гьесий.

Унтарал сахлъулеб калам гьабулев,
ГIадамазул адаб-хIурмат цIунарав,
КIудияв чиясе хъулухъ мухIканав,
Баркала, ХIажи дуй гьал унтаразул.

Нижер палатаялде захIмат ячIарай,
СагIидатил гIумру хвасар гьабурав.
Кьеги дуе талихI, тейги мун вохун,
Гьедин гIадамазул гIумру цIунизе.

Радал-бакъанида обходалъ вачIун
КъваригIараб цIехон, аскIов кIусулев.
Разияб гьимигун унти цIехолев,
ХIажи, дуе сахлъи ва бергьенлъаби!

*Хатимат САГИАДУЕВА,*
*пенсионерка,*
*захIматалъул ветеран, ТIасутIа росу*

МухIамадова ПатIимат ХIажиевналъул цIаралда 28 07 2008 соналъ Гъодобери гьоркьохъеб школалъ кьураб аттестат 05 АА №005570I билун буго.

Гьанжеялдаса нахъе гьеб **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.


*Газета гIуцIарал:* *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* *ГI. ГIумаханов*

*Редакторасул заместитель* А. Агъларов

*Жавабияй секретарь* З.ГIумарова
*Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов П. Дибирова

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж I000*

**Мухбирзаби**
*З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

Наборщица П. Эльдарова
Фотокорр. *Ш.Муртазалиев*
Дизайнер А. Назирбекова
Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № I0 - 46I4*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*